# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Улыўма орта билим бериў мектеплери оқыў-педагогикалық ҳүжжетлериниң жүритилиўин оптималластырыў ҳаққында

Халық билимлендириў системасында хабар технологияларын кеңнен ен жайдырыў арқалы улыўма орта билим бериў мектеплеринде жүритилетуғын оқыў-педогогикалық ҳүжжетлерди электрон формаға өткерилиўи мүнәсибети менен бүгинги күнде өз әҳмийетин жойтып баратқан ҳүжжетлер санын қысқартыў ҳәм улыўма орта билимлендириў мәкемелери педагогикалық жәмәәтинде жәнеде қолайлық жаратыў мақсетиндеги Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 1-июльдағы «Улыўма орта билим бериў мектеплери оқыў-педагогикалық ҳүжжетлериниң жүритилиўин оптималластырыў ҳаққында»ғы 205-санлы буйрығын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде буйыраман:

**1. Жоқарыдағы буйрық тийкарында:**

2021-2022-оқыў жылынан баслап улыўма орта билим бериў мектеплеринде Оқыўшылар ҳәрекети дәптери, Мектеп педагогикалық жәмәәтиниң жеке қурамын дизимге алыў дәптери жүритиўи бийкар етилгенлиги;

2021-2022-оқыў жылынан баслап улыўма орта билим бериў мектеплеринде Педагогикалық кеңес баянламаларын жүритиў дәптери, Тийкарғы жумысларға байланыслы буйрықлар дәптери, Класс журналларының жүритилиўи (электрон күнделик системасын ен жайдырған мектеплер) электрон формаға өткерилетуғынлығы;

орта мағлыўмат ҳаққындағы шахадатнамаларды дизимге алыў китабы (11-класс) ҳәмде Таяныш мағлыўмат ҳаққындағы гүўалықларды дизимге алыў китабын бириктирген ҳалда бирден-бир шаҳодатнома ҳәм сертификатларды есапқа алыў ҳәмде таркатыў дәптери сыпатында жүритилетуғынлығы;

улыўма орта билим бериў мектеплеринде оқыў педагогикалық ҳүжжетлерди жүритиў бойынша усыныслар қосымшаға муўапық тастыйықланлығы;

2021-2022-оқыў жылынан баслап Ташкент қаласындағы билимлендириў мәкемелеринде тәжирийбе сынаў тәризинде ҳәм келешекте басқышпа-баскыш басқа аймақларда оқыўшылар ҳәрекетине тийисли буйрықлар, педагог ҳәм техник хызметкерлерди жумысқа қабыл етиў ҳәмде хызметкер искерлигине қарап олар менен дүзилген мийнет шартнамаларын бийкар етиў ҳаққындағы буйрықлар халық билимлендириў системасын басқарыўдың хабар системасында (ЕРП) электрон формада жүритилетуғынлығы;

«Инновация, технология ҳәм стратегия орайы» МУК тәрепинен 2021-жыл сентябрьге шекем халық билимлендириў системасын баскарыўдың хабар системасы бағдарламалы топламында оқыўшылар ҳәрекетине тийисли буйрықлар, педагог ҳәм техник хызметкерлерди жумысқа қабыл етиў ҳәмде хызметкер искерлигине қарап олар менен дүзилген мийнет шәртнамаларын бийкар етиў ҳаққындағы буйрықларды электрон ҳүжжетлестириў системасы жарататуғынлығы;

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң «Улыўма орта билим бериў мектеплерин ҳүжжетлерин жүритиў ҳәм дизимге алыў ҳаққында»ғы қолланбасы бойынша 2001-жыл 25-декабрьдеги 178-санлы буйрығы өз күшин жойытқан деп есапланлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими (М.Асеметдинов)не, Республикалық билимлендириў орайы (Қ.Жубанов)на, район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлери менен биргеликте улыўма орта билим бериў мектеплеринде оптималластырылған оқыў педагогикалық ҳүжжетлери бойынша түсиндириў ҳәм үгит-нәсиятлаў жумысларын алып барыў ўазыйпасы тапсырылсын.

**3.** Сабақлықлар ҳәм әдебиятлар бөлими (С.Юсупов)не 2021-2022-оқыў жылына шекем улыўма орта билим бериў мектеплери китапханаларында жүритилетуғын ҳүжетлерди хатлаўдан өткерген ҳалда олардың санын оптималластырыў бойынша усыныс киритсин.

**4. Район (қала) лық халық билимлендириў бөлимлери баслықларына, Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:**

улыўма орта билим бериў мектеплеринде оптималластырылған оқыў педагогикалық ҳүжжетлери бойынша түсиндириў ҳәм үгит-нәсиятлаў жумысларын алып барыў;

2021-2022-оқыў жылына шекем улыўма орта билим бериў мектеплери китапханаларында жүритилетуғын ҳүжетлерди хатлаўдан өткерген ҳалда олардың санын оптималластырыў бойынша министрликтиң Сабақлықлар ҳәм әдебиятлар бөлимине усыныс киритиў ўазыйпалары тапсырылсын.

5. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаулиев ҳәм министр орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы.

2021-жыл 05 - Июль

165 - санлы